

KESYON YO POZE SOUVAN YO OSIJÈ RE-OUVETI LEKÒL AK COVID

Desizyon sou kijan pou retounen lekòl se youn ke chak fanmi ap fè fas. Repons a kesyon yo poze so uvan sa yo kèk nan kesyon ki pi komen yo ke pedyat yo te tande bò kote paran yo. Si ou gen lòt kesyon, pa ezite pou kontakte lekòl oswa pedyat ou.

K: Kisa lekòl yo ap fè pou pwoteje pitit ou yo nan COVID-19?

R: Tout lekòl yo nan Massachusetts gen obligasyon pou kreye yon plan pou kenbe pitit ou ansekirite lè yap retounen lekòl. Pou sèten sistèm lekòl, sa vle di kenbe timoun yo lakay yo pou yo fè ansèyman a distans antyèman. Pou sèten sistèm lekòl, sa vle di ansèyman an-pèsòn aplentan oswa adopsyon yon modèl ibrid. Pou ansèyman an-pèsòn:

- Timoun klas 2^{yem} ane ak piwo ap gen obligasyon pou mete mask. Timoun ki pi piti yok a oblije mete mask nan sèten distri.
- Tout timoun yo ap bezwen pou pratike distans fizik, rete omwen twa a sis pye apa.
- Tout sistèm lekòl yo ap gen obligasyon pou ede timoun yo pratike ijyèn men souvan (lave men yo oswa itilize dezenfektan pou men).
- Anpil lekòl ap kenbe timoun yo nan ti gwoup, ki rele kowòt, pou ansèyman, rekreyasyon ak repa.

Tout mezi sa yo pral kenbe pitit ou pwoteje ak redwi risk pou kontrakte COVID-19 nan lekòl la. Paran yok a ede pitit yo pratike mete mask ak lave men nan kay egalman.

K: Kisa kap pase si pitit mwen ekspozè avèk yon moun ki teste pozitif pou COVID?

R: Lekòl la ta kontakte w pouf è w konnen si pitit ou te an kontak pwòch avèk yon moun ki te teste pozitif pou COVID. "Kontak pwòch" vle di ke pitit ou nan distans sis pye de moun nan pou omwen 10-15 minit, menmsi toulède moun yo te mete mask. Pitit ou ap bezwen rete lakay li nan karantèn pou 14 jou e wap bezwen pou pale avèk klinik pedyat ou an osijè pou li teste pitit ou pou ede sispann pwopagasyon an.

2

3

K: Èske sèten timoun gen risk ki pi elve?

R: Nou toujou ap aprann sou ki kondisyon medikal ki mete pitit ou nan risk pi elve pou maladi grav. Ou ta dwe kontwòl avèk anpil atansyon timoun yo ki gen kondisyon jenetik, newolojik, ak metabolis. Timoun ki obèz, ki gen dyabèt, opresyon san kontwòl, anemi falsifòm oswa imino-sipresyon ka gen risk ki pi elve. Pifò timoun piti, timoun ak adolesan ki gen yon kondisyon kache tankou kansè ki enfekte avèk SARS-CoV-2 jeneralman pa devlope maladi grav. Timoun Panyòl/Latino, Ameriken natif natal ak nwa yo te ospitalize nan yon to ki pi elve.

K: Kijan pou m ede pitit mwen ki angwase sou danje COVID?

R:

- Fè remake lè moun yo nan kominote a mete mask ak kenbe distans fizik pou kenbe nou tout ansekirite. Eksplike pitit ou sa gen siksè! Massachusetts gen to enfeksyon ki pi fèb nan kominote a.
- Konesans se pouvwa: paran ak jèn yo ka fè rechèch sou COVID sou sit entènèt sous fyab yo tankou mass.gov ak sit sante timoun tankou healthychildren.org.
- Ede timoun yo konsantre sou sa yo kapab fè pou kontwòl pwopagasyon an: mete mask, distans fizik ak pratike bon ijyèn.
- Jwenn fason pou kenbe pitit ou yo konekte an tout sekirite avèk zanmi, an-pèsòn oswa vityèlman.
- Mande pwofesyonèl lekòl la èd, spesyalis sante mantal yo oswa pedyat ou si ou remake chanjman nan tanperaman oswa atitud pitit ou.

4

5


K: Kijan mwen ka jwenn enfòmasyon sou to transmisyon COVID kote map viv la oswa nan zòn kote pitit mwen ale lekòl?

R: Massachusetts te genyen yon transmisyon ki relativman fèb nan eta men li pi itil pou gade nan done lokal COVID. Ou ka jwenn done ki gen koulè-kode ajou sou "COVID-19 nan Nivo Kominote a" sou fòm kat e lis la nan www.mass.gov. Baze sou ka an mwayèn chak jou pou chak 100,000 rezidan, chak vil oswa vilaj te deziyen kòm yon kominote ki gen risk pi elve (wouj), risk modere (jòn), oswa risk ki pi ba (vè). Yo pa bay okenn deziyasyon pou kominote yo ki gen mwens pase 5 ka.

KESYON YO POZE SOUVAN YO OSIJÈ METE MASK NAN LEKÒL

K: Poukisa pitit mwen oblije mete yon mask sou wout pou lekòl ak nan lekòl la?

R: Mask ede nan sispann pwopagasyon COVID-19 lè li bloke ti gout respiratwa yo pou yo pa rantre nan lè a ak pwopaje bay lòt moun. Ti gout respiratwa yo se ti gout dlo ki sot nan bouch ak nen nou lè nou respire, pale, chante, touse ak etènne. Yo ka gen viris la e se youn nan fason ke COVID-19 la pwopaje. Timoun ak adilt yo nan lekòl la ap pwoteje youn lòt nan transmisyon COVID lè yo mete mask. Si ou gen enkyetid osijè si pitit ou ap kapab mete yon mask, kontakte lekòl ou. Yo ka anmezi pou ede w.




2

K: Èske gen nenpòt moun ki pa ta dwe mete yon mask?

R: Vas majorite timoun ki gen plis pase laj dezan (2) ka mete mask san pwoblèm, sa ki gen ladan timoun ki gen opresyon yo. Sèten timoun avèk otis oswa angwas ka bezwen plis èd pou abitye mete yon mask. Yo PA ta dwe mete mask sou tibebe yo, timoun ki gen mwens pase dezan (2), oswa timoun ki pa kapab retire mask la poukont yo akòz danje pou yo toufe. Kontakte pedyat ou si ou gen kesyon sou sitiyasyon spesifik pitit ou. Si yon timoun gen difikilte pou respire pandan li lekòl la, yo ta dwe mande youn adilt èd.


San danje pou mete yon mask:

- ✓ Opresyon
- ✓ Andikap entèlektyèl
- ✓ Twoub sante mantal
- ✓ Baryè kominikasyon
- ✓ Otis/twoub tretman sansoryèl



Pa ansekirite pou mete yon mask:

- X Dòmi
- X Mask se yon risk etrangleman oswa etoufman
- X Timoun pa ka retire mask la poukont yo



K: Èske li ansekirite pou pitit mwen mete yon mask pandan tout jounen an?

R: Mete yo mask pwòp pa gen okenn danje. Travayè swen sante yo mete mask yo pandan tout jounen an pandan plizyè ane san okenn efè danjere.




K: Kijan mwen ka ede pitit mwen mete yon mask?

- R:**
- Ou dwe yon bon modèl: mete mask ou lè ou deyò avèk pitit ou!
 - Ede timoun yo konprann ke nap pwoteje youn lòt, tankou granma ak granpa, lè nou mete mask yo.
 - Fè oswa dekore mask yo ansanm avèk pitit ou.
 - Bay yon mask avèk liv pitit ou prefere oswa karaktè televizyon sou li.
 - Pratiqe! Kòmanse avèk peryòd kout nan mete mask nan kay la. Rekonpanse pitit ou lè yo kenbe mask la. Travay pou peryòd tan ki pi long nan mete mask.

Li enpòtan pou gen plizyè mask pou pitit ou mete kidonk ou kapab lave yo chak jou.

K: Ki kalite mask ki pi efikas?

R: Mask la dwe ajiste etwatman nan figi a. Li dwe kouvri nen ak bouch la epi ideyalman li dwe yon twal ki byen trikote. Mask ki gen plizyè kouch yo ka pi byen pwoteje. Gaiters ak bandannas yo ka pa osi efikas e gen kèk lekòl ki pa otorize yo. Mask transparan yo kapab itil pou sèten adilt kap travay avèk jèn yo ki gen pwoblèm tande oswa kominike.



K: Èske lekòl yo ap otorize timoun yo retire mask yo?

R: Lekòl yo ap otorize yon ti poz kout nan mask yo pandan jounen lekòl la lè timoun yo espase oswa lè yo deyò.